ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№68 (23.882) ● 2019 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Петербург щекIуэкIа дунейпсо экономикэ форумым къыщыпсэлъащ Путин Владимир. Зэхуэсышхуэм хэтащ КIуэкIуэ Казбек

Урысейм и Президент Путин Владимир къыщыпсэлъащ Петербург иджыблагъэ щыIэхэта дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.

ПМЭФ-2019 зэхьихьэм и хьэщIэ лъапIэу щытахэщ Китай ЦIыхубэ Республикэм и Унафэщ1 Си Цзиньпин, Болгариеи и Президент Радев Румен, Армением и Премьер-министр Пашинян Никол, Словакием и Премьер-министр Пеллегрини Петер, ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэ Гутерреш Антониу, УФ-м и къэрал властым и органэм, урысей, дунейпсо компание, банк нэхъ инэм я лIыкIуэхэр, Iэщ1агъэпI, политик нэхъ пъэрызехьэхэр.

ЗэIущIэм къырихьIалхэм защIхуигъаазэм, къэралым и Унафэщ1ыр ящIетеувыIащ дунейпсо экономикэм хэту Урысейм зиужьыным хуэгъэза мурадхэмрэ къалэнхэмрэ, апхуэдэуи къэрал кIуэцI, лъэпкъ, дунейпсо Iэхэуэм ехьэлIа Iэзу зыбжанэм:

«Иужьрей зэманым экономикэзшхуэм зиужьу фэ тетщ. Ауэ къэрал унафэщIхэм, дэ псоми зыдумысыжьын хуейщ: зиужь пэтми, щыIэ хуэ экономикэ зэхущытыкIэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, кризисым хэтщ. ИкIи а кризисым псори кьыщIеубыдэ. Мыбдежьым гугъуехьхэр щызэтрехьэ икIи ахэр кIуэ пэтми нэхъыбэ хъуащ иужьрей илъэсипщIхэм. Ахэр икъукIэ узыгъэпIейтейщ икIи нэхъапэм кьыздэсрытщыхьэм елъытауэ нэхъыбэ мэхъу.

«БжыгъэкIэ къэгъэщэбэн» жьыхуаIэ политикэм, кьыхалъхьа нэгъэщIэ лъэбакъуэкъэм гугъуехьхэр кьыдэнэкIыным хуэунэтIауэ куэд яхуэзфIэкIакъым, атIэ ахэр тIэкIу IуагъэкIэутауэ аращ. Къапщтэмэ, сатушхуэр дунейпсо экономикэм зезыгъэужь кьарууэ щытыжкъым. Экономикэр ипэкIэ зышэну къаруущIэр, иджырей технологиер лъабжьэ зыхуэхьун хуейр, зэкIэ зэграухуэ къудейуэ аращ икIи и лъэщагъ псомкIи лэжьэн щIидзакъым. КъимыдэкIэ, дунейпсо экономикэр хьыхащ сату зауэхэмрэ лъэпкъ экономикэр хамэ къэралхэм ейм япеуэфыныкъуэ е щэхуу пэрыуэнымрэ я лъэхъэнэм. А псом я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр XX лIэщIыгъуэм и кIэуэным къыхалъхьа глобализацэм и щапхъэр зызыужь экономикэ щытыкIэщIэм кьигъэувкэм кIуэ пэтми нэхъ пэIэщIэ зэрыхъущ.

Зыужьыныгъэм и мардэщIэ зэпIэзэрыт икIи захуагъэ зыхэлъ зэхэлъхьэн хэщIыпIэр зэгурыIуныгъэщIэхэр зэщIыпIэн зэрыхуэр нэрылъагъуэ. Сыт апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ псом я дежкIи зыуэ щыт хабзэхэмрэ унафэ зытращIыхьыфынур? Псом япэрауэ, абыхэм зэрагъэкIуэнущ лъэпкъым экономикэ и лъэныкъуэкIэ и сэбэп зыхьлъ-хуэдэуи хущхъуэхэр, медицинэ оборудованэхэр, щыуэпсымрэ дуней щытыкIэмрэ ятещIэ хьэлъагъыр зыгъэмэщIэфыну Iэмэпсымэхэу ЖКХ-м, энергетикэм хъущагъэсэбэпхэр зэхуэгъэшэныр санкцэ зауэм щыхъумэныр.

Иджыпсту дунейм щызэфIэува хабзэхэр щыхьэт тохъуэ, кьыхэмгъэщащ Урысейм и Президентым, къэралым и мыхьэнэр, абы и суверенитетымрэ дунейм щIыгъ увыпIэмрэ зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэу щытыр цIыхур тыншу, зыхуей игъуэту псэуныр, абы и зэчийхэр къызыкъуэкIыныжмкIэ иIэ Iэмалхэр, жыларгъэужьу къэралымрэ къыщыхъуэ технологие зэхъуэкIыныгъэхэр, хьэрычэт щIэныжмкIэ щхьэхуиту щытыныр зэрыарам: «Абы ипкъ иткIэ, дэ дубзыхуащ экономикэм зегъэужьыныжмрэ ди цIыхухэм я хэлъныкъуэкIэ зиужьыныжмрэ, тхьэмыщIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныж, ди дежь щыпсэухэр нэхъ гъащIэ кIыхь хъуныж, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъуныжым, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъыным пыщIа къалэн нэхъыщхьэхэр. А мурадхэр зэгъэхъулIэным хуэунэтIащ дэ дгъэзащIэ лъэпкъ проектхэр.

Урысейм иIэщ технологие нэхъыбэ дыдэхэр зэхэлъхьэным елэжьыфыну щIэныгъэ лэжьакIуэхэр, абы папщIэ зыхуеину лъабжьэ лъэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, кьыхьэолъхьэ компаниехэр, апхуэдэуи урысей умей компание щхьэхуэхэр щIэныгъэ-технологие унэтIыныгъэм зегъэужьыным пыщIа IэужъхэмкIэ къэралым дзей хуэхъуну. Апхуэдэ зэдзлэжьэныгъэм кьриклуэн хуейщ щIэупщIэшхуэ зиIэну продукцэщIэхэр кьыщIэгъэкIыныр, Iэхэутхьэзэхэр къэрал кIуэцIми нэгъуэщI экхуэхми щыщIэныр. Къэралым и дежкIэ ар увынущ технологие лъабжьэ лъэщ зэтеуухуэныкIэ игъэкIэзэрыбзэкъуэн Iэмалу, компаниехэм - технологие лъэхъэнэщIэм хэбжьэныжмкIэ лъэкIыныгъэ къезыту. Правительствэм къалэн щызоущ а лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну».

Iэнатlэщ1хэм папщIэ, хуэзэуи хущхъуэхэр, медицинэ оборудованэхэр, щыуэпсымрэ дуней щытыкIэмрэ ятещIэ хьэлъагъыр зыгъэмэщIэфыну Iэмэпсымэхэу ЖКХ-м, энергетикэм хъущагъэсэбэпхэр зэхуэгъэшэныр санкцэ зауэм щыхъумэныр.

Иджыпсту дунейм щызэфIэува хабзэхэр щыхьэт тохъуэ, кьыхэмгъэщащ Урысейм и Президентым, къэралым и мыхьэнэр, абы и суверенитетымрэ дунейм щIыгъ увыпIэмрэ зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэу щытыр цIыхур тыншу, зыхуей игъуэту псэуныр, абы и зэчийхэр къызыкъуэкIыныжмкIэ иIэ Iэмалхэр, жыларгъэужьу къэралымрэ къыщыхъуэ технологие зэхъуэкIыныгъэхэр, хьэрычэт щIэныжмкIэ щхьэхуиту щытыныр зэрыарам: «Абы ипкъ иткIэ, дэ дубзыхуащ экономикэм зегъэужьныжмрэ ди цIыхухэм я хэлъныкъуэкIэ зиужьыныжмрэ, тхьэмыщIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныж, ди дежь щыпсэухэр нэхъ гъащIэ кIыхь хъуныж, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъуныжым, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъыным пыщIа къалэн нэхъыщхьэхэр. А мурадхэр зэгъэхъулIэным хуэунэтIащ дэ дгъэзащIэ лъэпкъ проектхэр.

Урысейм иIэщ технологие нэхъыбэ дыдэхэр зэхэлъхьэным елэжьыфыну щIэныгъэ лэжьакIуэхэр, абы папщIэ зыхуеину лъабжьэ лъэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, кьыхьэолъхьэ компаниехэр, апхуэдэуи урысей умей компание щхьэхуэхэр щIэныгъэ-технологие унэтIыныгъэм зегъэужьныным пыщIа IэужъхэмкIэ къэралым дзей хуэхъуну. Апхуэдэ зэдзлэжьэныгъэм кьриклуэн хуейщ щIэупщIэшхуэ зиIэну продукцэщIэхэр кьыщIэгъэкIыныр, Iэхэутхьэзэхэр къэрал кIуэцIми нэгъуэщI экхуэхми щыщIэныр. Къэралым и дежкIэ ар увынущ технологие лъабжьэ лъэщ зэтеуухуэныкIэ ипэкIэ зэрыбзэкъуэн Iэмалу, компаниехэм - технологие лъэхъэнэщIэм хэбжьэныжмкIэ къезыту. Правительствэм къалэн щызоущ а лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну».

Iэнатlэщ1хэм папщIэ, нэхъыжьхэм къыдаIыгъмэ, нэхъ яфIэкъэбылт а махуэр жэпуэгъуэ маазэм и пэщIэдзэхэм трагъэхуэныр. Сыту жыпIэмэ, зыщцхьэхъу хъунIэхэм кьрахухьж шыхэр я пIэ нэхъ щиизгъэжри, дунейр нэхъ щIыIэтIэ щцхъури, шыгъажэхэр егъэкIуэкIыныжмкIи нэхъ кьызэрезэгъри а зэманырщ. Апхуэдэуи, Кьудейм кьыхигъэщащ Адыгэ шым и махуэр Адыгэ Республикэм и Къащацхэ Мейкьуаупэ мы дызэрыт маазэм и кIэхэм зэрыщагъэлъэпIэнкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу а гуфIэгъэ дауэдапщэхэм хэтыну ягъэкIуэну шууейхэр зэман гъунэгъум кьагъэльагъуэну зэрамурадыр Шууей Хасэм и тхьэмадэм жиIащ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

КIуэкIуэ К. В. хуэзащ 58-нэ армэм и унафэщI Рыжков С. Б.

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм КIуэкIуэ Казбек щыIущIащ 58-нэ армэм и унафэщI, генерал-майор Рыжков Сергей.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм юнармие зэщIэхъееныгъэм адэкIи зыщегъэужьыным теухуауэ зэгъусэу ягъэзэщIэну программэхэмрэ проектхэмрэ, «ЮНАРМИЯ» щIыналъэ штабыр зыхуей-зыхуэфIэжмкIэ къызэгъэпэщыным, Урысей Федерацэм Iэщ1кIэ Зэщ1уэзэда и Къаруэм щэнхабзэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкI, зыщагъэпсэху я дзэ-хэкупсэ паркым и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.

ЗэрытраухуамкIэ, комплексым хагъэхьэнщ музей экспозицэ зыбжанэ, абыхэм дзэ техникэ гъэлъэгъуэныгъэхэри яхэту, апхуэдэуи цIыху куэд кьызрихьэлIэ щэнхабзэ, жылагъуэ Iуэхухэр щебгъэкIуэкI хъуну спорт ухуэныгъэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Урысейм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэгъэм и парад

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэху, абы и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэтIкъ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм фрегъэблагъэ «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэгъэм и парад» гуфIэгъуэ дауэдапщэм фыхэтыну. Ар 2019 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м екIуэкIынущ, Урысейм и Махуэр гъэлъэпIэным хьихьэу.

А махуэм Урысей Федерацэм и щIыналъэ 40-м зы сыхьэт бжьыгъэм щежьэнурэ уэрамхэм ирикIуэнущ УФ-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэр. Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэри, дыхьэзырщ Зэныбжьэгъуэгъэм и парадым хэтхэм дакъуэуэвэну, лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм и цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм дызэриетлъхьэр кьздгъэлъагъуэу.

ГуфIэгъэм хэтынухэр 2019 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 30-м ирихьэлIэу щызэхуэсынущ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щикIуэм и цIэр зэрихьэу Налшык къалэм иIэ утыкум деж.

● Бахъсэн щIыналъэ

Дамыгъэ лъапIэхэмкIэ ягъэпажэ

Социальнэ лэжьакIуэм и махуэр Бахъсэн районым Iэтауэ щагъэлъэпIащ. ЩIыналъэ адміністрацэм ирагъэблагъат а Iэнатlэ мытыншым егугъуу Iутхэр.

ЗэХУЭСЫР къызэIуихащ Бахъсэн районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз Артур**.

- Нобэ дгъэлъапIэр гуапагъэ, гущIэгъу зыхэлъ цIыху псэ кьабзэхэрщ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIэгъэкъуэным зи гъащIэр тезыухуахэрщ - Iэщ1агъэ нэхъ гугъуэхэм ящыщ зыр кьыхэзыхахэрщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм дэтхэнэри пэлъэщныкъым, абы укъыхуигъэщIауэ щытын хуейуэ кьыщIэкIынщ. Лэжьыгъэр мытыныши, фэ цIыху гуащIэмащIэхэм фадоIэпыкъу, фахуосакъ. Ар псапэшхуэ зыпылъ Iуэхущ, - жиIащ Балъкъыз.

Абы районым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэр яритащ социальнэ Iуэхум хэту нэхъыфIу зыкъэзыгъэлъэгъуа лэжьакIуэхэм.

Я Iэнатlэм гудзакъэ иIэу, цIыхухэр зыхащIыкIыу, абыхэм я гугъуехьхэмкIэ зыщIагъакъуэу зэрыпэрытым папщIэ, къызэхуэсахэм фIыщIэ хуащIу къэпсэлъащ район унафэщIхэри.

Социальнэ лэжьакIуэ 200 хуэдиз къызрагъэблагъэ пшыхьым я гукъыдэжыр къаIэту зыкъагъэлъагъуащ Бахъсэн районым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм, «Кавказ» цIыхубэ ансамблым, уэрэджьыкIуэхэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

НОБЭ

♦Инджылыз пащтыхьыгъуэ зэгуэтымрэ Ирландие Ищхъэрэмрэ я пащтыхь махуэшхуэщ - я пащтыхь гуащэр къыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэ

♦1826 гъэм Москва къыщызэIуахащ нэм щеIэзэ япэ сымаджэщыр.

♦1842 гъэм дунейм кьыстехьащ Гоголь Николай и тхыгъэ цIэрыIуэр - «Мёртвые души» - зыфIищар.

♦1889 гъэм США-м щыщ Перди Джонрэ Садгвар Джеймсрэ якIагупсысащ зэпхърыпх-зэпхърыплъхьэж хъу щэнтыр.

♦1965 гъэм Инджылызым и пащтыхь Елизаветэ Британие империем и орденыр яритащ «Биттлз» гупым и музыкантхэм.

♦1975 гъэм Алыджым къыщащтащ и конституцэр.

♦2010 гъэм ЮАР-м щыщIидзащ дунейм футболымкIэ и XIX чемпионатым. Нэхъапэм Африкэм и щIыналъэм футболымкIэ чемпионат зэи щекIуэкIатэкъым. Мэкъуаугъуэм и 11 - бадзэуэгъуэм 11-хэм кьриубыдэу зэхьэзэхуахэм я нэхъ лъэщу къыщIэкIар Испанием и командэ къыхэхарт.

♦Урыс тхакIуэ, критик, философ, демократ **Белинский Виссарион** къызэраIуахурэ илъэс 208-рэ ирокIу.

♦Нэмыцэ композитор, дирижёр цIэрыIуэ **Штраус Рихард** къызэраIахурэ илъэси 155-рэ ирокIу.

♦Урысейпсо радиом и диктору щыта, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Высоцкая Ольгэ** къызэраIахурэ илъэси 113-рэ ирокIу.

♦Франджы зыпIэхьакIуэ, сурэттех, режиссёр, дунейпсо хьэхэр джынымкIэ цIэрыIуэ хъуа **Кусто Жак Ив** къызэраIахурэ илъэси 109-рэ ирокIу.

♦Пушнауэ Iэзэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дышэкъ ФатIимэт** илъэс 80 ирокIу.

♦Урысей пианист, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Мацуев Денис** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Насып зиIэм шыIэ иIэщ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэм гу зылъатапхъэ

2019 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIрагъэдзу хуежьащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащIэ: ар кьевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1анIэми. Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 696-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ.

Ди индексыр 51531

● ЗэIущIэхэр

Шууей Хасэм хэтхэр зэхуос

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и къудамэм - Шууей Хасэм - и зи чэзу зэхуэс Налшык къалэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ а зэгуэхьэныгъэм и тхьэмадэ Кьудей Аслъэн.

ЗэIущIэм кьыщащытэжащ Шууей Хасэм хэтхэм яхуэзфIэкIалхэр, апхуэдэуи адэкIи ящIэну я мурадхэр щыгъэзыхуащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд нэхъ пасэу кьыхилъхьауэ щытащ Адыгэшым и махуэ хэха диIэн, ар гъэ къэс Iэтауэ гъэлъэпIэн зэрыхуейм теухуа жэрдэмкIэ. А Iуэхум щытепсэлъыхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсхэм ящыщ зым.

Кьудей Аслъэн кьызэрыхигъэщащи, нэхъыжьхэм кьыдаIыгъмэ, нэхъ яфIэкъэбылт а махуэр жэпуэгъуэ маазэм и пэщIэдзэхэм трагъэхуэныр. Сыту жыпIэмэ, зыщцхьэхъу хъунIэхэм кьрахухьж шыхэр я пIэ нэхъ щиизгъэжри, дунейр нэхъ щIыIэтIэ щцхъури, шыгъажэхэр егъэкIуэкIыныжмкIи нэхъ кьызэрезэгъри а зэманырщ. Апхуэдэуи, Кьудейм кьыхигъэщащ Адыгэшым и махуэр Адыгэ Республикэм и Къащацхэ Мейкьуаупэ мы дызэрыт маазэм и кIэхэм зэрыщагъэлъэпIэнкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу а гуфIэгъэ дауэдапщэхэм хэтыну ягъэкIуэну шууейхэр зэман гъунэгъум кьагъэльагъуэну зэрамурадыр Шууей Хасэм и тхьэмадэм жиIащ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

ЩыІэхукІэ адыгэбзэр, ди лъэпкъыр мыкІуэдыжын,

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Ныбэжь Михаил

Къущхьэтіу Хьэутий

Балэ Людмилэ

Къалмыкъ Жылэбий

Ахъсор Хьэлым ягъэлъапІэ.

ЗэгурыІуэныгъэм псори доунэ

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэр накъыгъэм и 31-м Налшык къалэ щекІуэкІащ. Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щызэхуэсат КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым, министерствэхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къикІа хьэщІэхэр КъАХ-м къалэхэм-рэ щыналъэхэмрэ щиІэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр, хасэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтхэр, адыгэ Іэхум хуэмыщъхьэхэр.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэІУщІэр къыщызэІуихым, КъАХ-м и тхьэмадэ **Хьэфыцію Мухьэмэд** жиІащ апхуэдэ зэхуэсысшхуэр ильэситхум зэ зэрырагъэкІуэкІыр, ящІахэр къызэрыщапщытэжыр, къыкІэлъыкІуэ пІалъэм лэжьэнухэр зэрыщыхахыр. Докладым щІимыдзэ щыкІэ, Мухьэмэд я цІэ къриІуащ блэкІа илъэсхэм КъАХ-м хэтахэу, жыджэру къыдэлэжьахэу дунейм ехыжахэм я цІэхэр: Бахьсэн щыналъэ хасэм и тхьэмадэ Шапсыгъ Хьэсэн, Абхъазым и цІыхубэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Мысостышхуэ Пащызэбий, �щІДАА-м и Президент Нэхущ Іэдэм, тхакІуэ Тхьэмокъуэ Барэсбий, Дзэлыкъуэ щІыналъэ хасэм и унафэщІ Шэру Хьэбас, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, Налшык къалэ хасэм и тхьэмадэу щыта Іутіыж Борис, дин лэжьакІуэ Пащыхьэщ Іэнас, Джылахъстэней щыналъэ хасэм и тхьэмадэу щытахэу Емкъуж Хьэсэнбийрэ Балъкъэр Борисрэ, егъэджакІуэ, усакІуэ Джэдгъэф Хьэсен сымэ. Абыхэм къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщІыгъуай.

Зохуэсысшхуэр езыгъэкІуэкІа, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий** псалъэ иритащ КъАХ-м и тхьэмадэ **Хьэфыцію Мухьэмэд**, 2013 - 2018 гъэхэм Хасащхьэм иригъэкІуэкІа Іузкъуегъуэхэм ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьыжащ *(Хьэфыцім и къэпсэлъэныгъэр щхьэхуэу тыдодзэ).*

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиІащ илъэс куэд щІауэ ХьэфыцІэ Мухьэмэд хасэ Іузхум гурэ псэкІэ зэрыпэрытыр, и къару, акъыл, зэман тригъэкІуадэу, километр бжыгъэ куэд зэпичу лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэжьэкІыр.

- Зэманым деКІур лІыфІщ, жеІэ адыгэм. Апхуэдэ цІыхуш Мухьэмэд. Хамэ къэралхэми гъэнэгъу хэгъэгухэми хасэм и лэжьэкІэм и щапхъэу щыдгъэльагъуэу апхуэдэщ ХьэбэрдейАдыгэ Хасэр, - кІыхьигъащ Сэхъурокъуэм. - Іэманкъ хасэм хуэзІэбэкІыжмэ, ХьэфыцІэр хасэ гъэмыгъэм щыпэрыхьаи зэхъуэкІыныгъэщхьэхуэр щекІуэкІ лъэхъэнэт. Лъэпкъми, къэралми я пщэ ящыдхуэ ящыдзэрыгъэ яубзыхуэн хуэйт, екІуэкІэр мыгурыІуэгъуэу щыщыт зэманти. Мис абы щыгъуэ гугъу зезыгъэхьу хасэр кІыззэшІыгъэпэщ Къалмыкъ Юрий джэ щегъэжьауэ нобэр ящыдзесыи абы пэрытхэм фІыщІэшхуэ яхуэфащэщ. Мухьэмэд илъэс куэд дэ щІауэ адыгэ лъэпкъым щхьэкІэ кІымыкІуэтхэм яхьзобжа.

БлэкІам дерс къыхэтхуэр ипэкІэ дыплъэн хуейщ нобэрей тхьэмадэхэри щІалэгъуалэри. Мыр жылагъуэ зэгухьэныгъэщ, лъэпкъым и къэкІуэнум телэжьэн хуейуэ. Иджыпей зэгухьэныгъэхэм дазэрыдзлажьэм тепщІыхьмэ, гугъэфІхэр щыІэщ дызэгурыІуэу зы лъагъуэ хэтшыну. ИджыпстукІэ пщтыру къытщыхьу щІалэхэми еущиен хуейуэ къыдольытэ.

Дызэрыт зэманым дэ зэдгъэпэщым хэпсэукІынур кьыдэкІуэтей щІэблэращ, - кІыпищащ Хьэутий. - Ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым. Сыт хуэдэ лъэпкъми и Іузку зыгъэкІуатэр хэкупсэу щыт, мыльку къэзылжьыф, хэльэт зиІэ, адыгэм и пщэдей егупсысэхэращи, мис апхуэдэхэр хасэм нэхъыбэу къыхэшэн хуейщ. ИтІанэ ди Іузхур нэхъ кІуэтэну къысщохъу.

Джылахъстэней щыналъэ хасэм и лІыкІуэ **Ныбэжь Михаил** тепсэлъыхьащ нобэрей адыгэ щІалэгъуалэм я шыфэлІыкІфэм, хьэгъуэлІыгъуэхэр зэрырагъэкІуэкІ щыкІэм, анэдэлъхубзэр ззэзымыпэсыж адэанэхэр зэрыщыІэм, нэгъуэщІхэми. Абы къыхилъхьащ адыгэбзэр эыуэ щыт къэрал экзаменхэм хагъэхьэну.

«Къуажэхэм я цІэхэр адыгэбзэкІэ щхьэ тедмытхэрэ? Щхьэ пасэм зэрахьа цІэхэр ди сабийхэм яфІэдмыщыкІэрэ? Адыгэ хабзэм ди щІэблэр щхьэ щІэдмыпІыкІрэ? Ди нысашэхэр хамэ шхапІэхэм тхьын хуей? Лъэпкъ фащэр щхьэ щІалэгъуалэм ящымыгъэ?», Нобэрей гъащІэм кьиГъэув Іузкъуегъуэ щхьэпэ куэд кІыІэтащ Ныбжьыкъ, хасэм унафэ тригыщІыкІэрэ гъэзэкІуэжа зэрыхъунум шэч кьытримыхьэу.

Аруан щІыналъэ хасэм и тхьэмадэ **Къущхьэтіу Хьэутий** лъэпкъым теухуауэ зэфІагъэкІ Іузхуэхэм щытепсэлъыхьым, жиІащ щІыналъэ администрацэхэм я унафэщІхэри хьарзынэу сэбэп кьаззэрыкъэхур.

- Дэ сыт хуэдэ Іузхуми дыхузнабдзэгубдзаплъэщ, Псом хуэмыдэу ди нэІэ щІэтщ къыдэкІуэтей щІэблэр, ахэр зыщІэс курыт еджапІэхэр. Абы къыхэкІыу, сыт щыгъуи мыхъумыщІагъэхэм гу лъыдотэ, ар зи пщэ къыдэхуэ къулыкъущІхэм я деж ныдогъэс, егъэджакІуэхэм дадолажьэ, - кІыхигъэщащ нэхъыжьыфІым.

Адыгэбзэм нобэ и Іузху зыІутым, ар еджапІэхэм зэрыщрагъэдж щыкІэм теухуауэ къэпсэлъащ егъэджакІуэ, Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэм и унафэщІым и къудзэ **Балэ Людмилэ**:

- ЕджапІэм сызэрыщІэсрэ «адыгэбзэр фымыдж» жаІэу зэи къытпаубыдауэ сщІэжыркъым. Абы хуэхэа сихьэт бжыгъэр нэхъ мащІэ щащІаи, нэхъыбэ щыхъужаи къэхъуащ, ауэ сытым дежи курыт школхэм щрагъэдж. Пэжыр зыщ: сыхьэт бжыгъэр ягъэмэщІами, нэгъуэщІ Іэмалхэр щыІэщ адыгэбзэр фІыуэ ебгъэджынумэ. Анэдэлъхубзэм щІэблэр дебгъэзхьэхьи, лъэпкъ хабзэм щІэбгъэджыкІын папщІэ сабийр къъыдэпхьэхьи, ебгъэджыр гъэщІэгъуэну бгъэдэплъхьэн хуей къудейуэ аращ.

Дакъикъэ 40-кІэ, шэч хэмылъу, адыгэбзэр джаи хьумаи хъунукъым. Ар школым щекІуэкІ сыт хуэдэ дерсми хэлъын хуейщ. Зи гугъу ещІым и щапхъэ дахэ куэд «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм щагъэлъагъуащ, физикэри, математикэри, нэгъуэщІ предметхэри адыгэбзэкІэ ятуРэ. Мис апхуэдэдзэрэ адыгэбзэр предмет псоми кьыщыгъэсэбэпа хьумэ, щыкІуэхэри нэхъ дебгъэхьэхьафынущ. Тхыдзэр щаджкІэ, псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, а бджы лъэхъэнэм теуухуа уэрэдджыкъ, хъыбар кьыхэплъхьафынущ, иджыпей технологиещІэкІэр здыиэсар къэпплъытэмэ, езы сабийхэми кьебгъэгъуэтыфынущ гъэщІэгъуэн гуэрхэр. Мэртэзей кьуажэм дэс Пыжьыкъэ я деж яшэуэрэ хьыбархэм зэрыщІагъэдэІуэ слъэгъуащ сэ, тхыдэ дерсхэм хэту.

Псори зэлъытар методикэращ - егъэджакІэрщ. А методикэр сэ кьыхуэзгупсысрэ егъэджакІуэм и пащхьэ ислъхьэкІэ, сэбэп хъунукъым, езым апхуэдэ зэчийрэ жэрдэмрэ бгъэдэмыпІымэ, щыкІуэкІэр кьыззэрыщащ нэхъыжьыфІым. Іэмалхэр кьигупсысыным жыжьыкъжэрмэ. Сыхьэт бжыгъэ кьуатКІи, дакъикъэ бжыгъэ пхухахкІи, адыгэбзэр пхузэхъумэнукъым, уэ ешІи уи кьару, акъыл, зэчий иумыхьэлІымэ. Мис абы и пхьэнкъуэкІэ егъэджакІуэм кьалэнышхуэ и пщэ кьыдохуэ. Фи фІэщ фщІы, дерсым нэхъыбэрэ адыгэбзэкІэ ущыпсалъэ щхьэкІэ, Москва кьикІыу тезыр кьыптрамылъхьэну. Дерс гъущэ щату щытар щыІэжькъым, иджы зэхэуухуэнэущ псори зэрырагъэкІуэкІыр. АтІэ щхьэ ар кьэдгъэсэбэп мыхъурэ ди лъэпкъым, ди анэдэлъхубзэм ифІ едгъэкІыу?!

Людмилэ жиІащ Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жыджэру зэрыдэлажьэр, проект гъэщІэгъуэнхэр зэрызэдащІэр. «Лъэпкъым и Іузху дэгъэкІынымкІэ, бзэмрэ хабзэмрэ хъумэнымкІэ сыт хуэдэ Іузхуми дыхуэхьэзырщ, ди бжэкэр зэІухащ», - пищащ абы.

КъБР-м щыІэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зззыгъэуІу советым и унафэщІ **Къалмыкъ Жылэбий** кьыпТеувыІащ зы Іузху зэрызэдащІэм и фІыгъэкІэ Мухьэмэдрэ абыиз куэдрэ зэрызэхуэзэр, илъэс Іэджэ щІауэ зэрызэнымыжьэгъур.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу зэрылажьэрэ куэд хуэзэфІэкІащ Хьэфыцім, - кІыхигъэщащ Жылэбий. - Абы щытхъуи, ар зыуби щыІэщ. Ауэ сэ сызэрепльащ: Мухьэмэд ищІэм пылъ сэбэпынагъыр къэдвгъэлъыти, хуэзфІэмыкІымкІэ зыщІэдвгъэгъакъуэ, ар куэдкІэ нэхъ щхьэпэщ.

Хасэр кьыщежьам щыгъуэ щэнхабзэ Іузху фІэкІа зетхэзнукъым жаІэу щытащ, ауэ нобэ ар лъэныкъуэ псоми жьэхоуэ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэ жыпІэ щхьэкІэ, мы Іузхур политикэм пымыщІауэ щыткъым. Бзэр хьума хъун куэдейр епхащ политикэм. Мухьэмэд сэрэ ди Іэ зыщІэгъэ тхьилъкІэ, дэжпсалъэкІэ, лъэІукІэ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я унафэщІхэм куэдрэ захуогъаазэ. Зэи къэхъуакъым Хьэфыцію икІуэту, шынэу. Лъэпкъым ифІ зыхэль сыт хуэдэ Іузху къепхьэжьэми, япэу кьыпкъуэувэнухэм ящыщщ ар. Нобэ зи гугъу тщІы Іузхуэхэм, диГу зэрыгъу ныкъусаныгъэхэм теуухуауэ ХьэфыцІэр зи редактор нэхъыщхьэ «Адыгэ псалъэ» газетми къалэнышхуэ егъэзащІэ. Ар хуабжьу Іэрыхуэу кьеГъэсэбэп Мухьэмэд.

Зэхьэзэхуэр мэунэри, зэижиТІыр мэунэхэу, жи адыгэм. Ди щІыхубэр, жылагъуэр Іэмал имыІэу властым сыт гурыІуэн, дэлэжьэн хуейщ. ДызэпэщІэувэкІэ, зыри къэтхьыныкъым, ди кьару зэхэтлъхьэмэ, ехьулІэныгъэ нэхъыбэ диІэну аращ, - апхуэдэу иухащ и къэпсэлъыныгъэр Къалмыкъ Жылэбий.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** жиІащ, сыт хуэдэ кьулыкъу пэрытри гукІэ псэкІэ адыгэмэ, ар сыт щыгъуи лъэпкъым сэбэп зэрыхуэхъуфынур. «Мухьэмэд хуабжьу лажьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ. Ар зэрымытынышр псоми кьыдгуроІуэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, цІыхубэ гумызагъэмрэ кьулыкъущІэ гумызагъэхэмрэ я зэхуаку удэту улэжьэныр гугъу дыдэщ. Мис ахэр зэгурыгъэІуэныр фІыуэ кьохъулІэ ХьэфыцІэм. Ар къагъэлъэгъуащ блэкІа илъэсхэм», - игъэбелджылащ Къардэным.

- ХьэфыцІэм адыгэм хуищІам хуэдиз зыщІаи дяпэкІэ зыщІэфыни куэд диІэу слъагъуркъым, - жиІащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**. - Сэ къэрал кьулыкъу сыщыпэрытами, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу сыщыщытами, куэд кьызэдэткІухьащ абырэ сэрэ, Іузху куэд зэдэтщІащ. Абы лъандэрэ блэкІа илъэсхэм Мухьэмэд зихъуэжакъым, нэхъ гуащІэмащІи хъуакъым. Тхьэм узынщэу куэдрэ игъэлажьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къужей Артём** жиІащ ХьэфыцІэ Мухьэмэд зыпэрыт Іузхумкіэ и пщэм кьыдэхуэ псори зыхуей хуэзэу зэрыгъэзащІэр.

- Нобэ Хасэм и лэжьыгъэм и гугъу щащІым, бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъума зэрыхъунум куэд тепсэлъыхьащ. Анэдэлъхубзэр кьызэдынущ, илъэс 20 - 30 дэкІмэ, щыІэжьныкъым жаІэуи ззхьзох. «Адыгэбзэр кІуэдынущ» жыпІэн хуейуэ аракъым, атІэ «адыгэбзэр дгъэкІуэныжынкъым» жыпІэурэ, щхьэж хуэзфІэкІ абы етхьалІэн хуейуэ аращ. Унагъуэм щІэс адэ-анэр, сабий гъэсапІэм щыІэ гъэсакІуэр, еджапІэм щылажьэ егъэджакІуэр егуГумэ, Хасэм къызэригъэпэщыпхъэхэр екІуэкІмэ, си фІэщ мэхъу гугъуехь дызэримыІэнур, - кьыхигъэщащ Къуэжейм.

Пэжщ, къулыкъущІэхэм нобэ куэд яхуолъхьэ, уеблэмэ, диІэщ кьулыкъу пэрытэр мыадыгэу, адыгэнуи хуэмейуэ щыту къызыщыхъу щІалэгъуалэ, - кьыпищащ Артём. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщІапІэм зэІущІэ щекІуэкІыу, а щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ зым и пашэ щІалэм сеупщІащ: «СыткІэ уэ, адыгэ щІалэр, къэрал кьулыкъу пэрыт адыгэ щІалэм укъызэрыщхьэщыкІыр?» Жэуап къызитыфащым. Зыщ къызэрыщхьэщыкІыр: адыгэ зэгухьэныгъэм и пашэ щІалэр и лъэпкъым и закъуэщ зыхуэлажьэр, кьулыкъу гуэр пэрытыр республикэм лъэпкъыу исым яхуэлжьын, ахэр зэгурыгъэІуэным и гуащІэ хилъхьэн хуейщ.

Хасэ Іузхум пэрыт нэхъыжьыІуэхэми адрейхэми ящІэ иджыпсту республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэззщІэну кьыткъугъэкІуэжа КІуэкІуэ Казбек щыхуэкІ нэхъ гъунэгъуу ябгъэдэтын, мыпхуэдэ жьылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жаІэхэм едэІуэн, псэуКІэр иригъэфІэкІуэн, лъэпкъхэм я Іузхуэгъэ ядиыГын мурадхэр зэриІэр. Псори фыкьыхуэзджэ абы дыкъуэувэну, дифІ зыхэлъ Іузхуэгъэ зэгъусэу зэдэтщІэну.

Ди лъэпкъым, зэгурыІуэ кьуажэм, шэч хэлъкъым адэкІэ зэрызиужьыныр. ДызэпэщІэувэжкІэ зыри кьыкІынукъым. Езыхэр зэгурыІуэмэщ сыт хуэдэ лъэпкъми пщІэ щиІэнур, и Іузху щыдэкІынур, кьэралым маурыгъэ щилъынур. Ар кьыдэхьулІэнращ зытелажьэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэри къэрал кьулыкъущІапІэхэри.

ХЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щыхь дамыгъэмрэ щыхь тхьилъмрэ Сэхъурокъуэ Хьэутий щиритащ КъАХ-м и къудамэхэм жыджэру щыналажьэ, зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуэ **Къущхьэтіу Хьэутийрэ** (Аруан щІыналъэ хасэм и тхьэмадэ) **Ахъсор Хьэлымрэ** (Джылахъстэней щІыналъэ хасэм и тхьэмадэ). Апхуэдэуи ДАХ-м, КъАХ-м я тхьэмадэхэм я кІуэдзэ **Щоджэн Іэминат** и ныбжьыр илъэс бжьыгъэ дэкІ зэрырикъуам и щыхькІэ тыгъэ лъапІэр хуагъэфащащ.

АдэкІэ Іэ1эткІэ хахащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр, КъАХ-м и Хасащхьэм, ГъэзэщІакІуэ гупым, Къэзыщыпэтэкъэзыбж гупым щылэжьэнухэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КъАХ-м и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд

Бахъсэн щІыналъэм щыщ Зеикъуэ (ХьэтІохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм 1946 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-р къиухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, «Хэхэс адыгэхэр», «Нарт», «Хасэ» газетхэри къыдегъэкІ. Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ.

КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цІыхубэ депутату (1990 - 1993 гъгъ.), Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президенту (2009 - 2012) щытащ. ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президентщ, «Адыгэ щІэнгъуазэ» институтым и унафэщІщ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм 2000 гъэ лъандэрэ и тхьэмадэщ. ХьэфыцІэ Мухьэмэд УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ я журналистщ. «ПщІэрэ Щ1ыхьрэ» абхъаз орденыр, «Адыгеим и Щ1ыхь» медалыр, Дунейпсо щэрджэс фондым и «ФІыщІэ» сауГъэтыр кьыхуагъэфащащ. ЩІДАА-м, Петровскэ Академием, Творчествэмкіэ дунейпсо академием, Урыс географие обществэм хэтщ. ЦІыхубэ дипломатщ, США-м и Оклахомэ штатым хыхьэ Стиллуотер къалэм пщІэ зиІэ и цІыхущ.

КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Лъхукъуэщауэ Хьэбас

Аруан щІыналъэм хиубыдэ Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм 1958 гъэм къышалъхуащ. Школ нэужьым Ленинград дэт мэз-техникэ академием къиухащ (1979).

«Аруан» колхозым, унэльащІэ щащІ «Эльбрус» комбинатым щылэжьащ. Дзэм къулыкъу щищІащ (1986 - 1988). ИужькІэ «Къэбалъкъснаб» Іузхуэ-пІэм и къудамэм и унафэщІу, «Борэнтекстиль» ООО-м и директорым и къуэдзэу, иужькІэ а Іузхуэщ1апІэм и тхьэмадэ щыта.

2015 - 2017 гъэхэм Лъхукъуэщауэм Налшык и «Горэленхоз»-м и унафэщІым и къуэдзэ къулыкъур игъэзэщІащ.

Хьэбас унагъуэщ - щхьэгъусэрэ къуитІрэ иІэщ.

КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Іэминат

КъБКъУ-м филологиемкІэ и къудамэр къиухащ. Урысыбзэмрэ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу щылэжьащ Налшык къалэ дэт 13-нэ, 14-нэ гимназиехэм.

2011 гъэм КъБКъУ-м и филологие къудамэм и Методикэ центрым и унафэщІу зэрызыВащ. КъБКъУ-м ЕгъэджэныгъэІ политикэмкІэ и управленэм зэрырагъаджэ программэхэм я фІагъыр къэзыпщытэ и къудамэм и лэжьакІуэщ. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іузхуэхэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкІэ и къудамэм и къэпщытакІуэ советым хэтщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тыгъэ нэхъыщхьэмрэ ЩІыхь тхьилъмрэ къратащ. ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым илъэс 4-нэ хъуауэ хэтщ, 2018 гъэ лъандэрэ - вице-президентщ.

КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ НэщІэпыджэ Замирэ

Аруан щІыналъэм хыхьэ Къэхъуэн къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-р «Филолог. Редакцэм и литературэ лэжьакІуэ» Іэщагъэр иІэу къиухащ. Белгород къалэм дэт университетым и филиалу Налшык щыІэм экономист Іэщіагъэр щызригъэгъуэтащ.

2002 гъэм щегъэжьауэ «Адыгэ псалъэм» щолажьэ, иджыпсту газетым политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іузхуэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІщ, «Іуащхьэмахуэ» журналми редактору щыІэщ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. И лэжьыгъэфІым папщІэ мызэ-мытІэу къыхуагъэфащащ республикэм и министерствэ, нэгъуэщІ къэрал Іузхуэщ1апІэ кІуэдым я щІыхь тхьилъхэр. Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналистщ.

НэщІэпыджэ Замирэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым илъэсихкІэ хэтащ, 2015 - 2018 гъэхэм ДАХ-м и вице-президенту щытащ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм жэуап зыхь и секретару лэжьащ.

КъАХ-м жэуап зыхь и секретарь Щомахуэ Залинэ

Тэрч щІыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Школ нэужьым КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым щеджащ. 2012 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэщ.

Залинэ жыджэру хэтащ КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым щыІа «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм. И Іуэтэжхэр, новеллэхэр, очеркхэр, таурыхьхэр ди республикэм къыщыдэкІ газетхэм, журналхэм къытохуэ. Апхуэдэу абы и тхьгъэхэр ихуащ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр щызэхуэхьэса «Къудамэщ1э», «Щыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» сборникхэм. 2014 гъэм и «Мадоннэ» тхьилъар дунейм къытехьащ.

Щомахуэр мызэ-мытІэу хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэхэм. Апхуэдэу абы Мэшыкъуэ щрагъэкІуэкІ щІалэгъуалэ зэхьыхэм щигъэлъэгъуащ лъэпкъыбзэр, хабзэр, гъэсэныгъэр хъумэным, егъэфІэкІуэным хуэгъэпса проект.

2013 гъэм Мейкъуапэ щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм Щомахуэ Залинэ япэ вице-мисс щыхъуащ.

зыIутым адыгэпсэ адыгэбзэр ихъумэжыкIыщ

● КъАХ-м и Х съезд

Цыхубэм я фыIэ къэбжьыну тынчкъым

Уэзщlакlуэ телъыджэ, гупсысакlуэ цlэрыlуэ Къэзаноковыр Жэбагы и хэкуэгъуэр сытым дежи къыхуриджэрт я къэкlуэнум емылъ-сысыж лъэпкъым и кlэухыр къэблэгъауэ арац», - жиlэрейт абы. Адыгэлl щэджащэм цlыхухэр хуигъэIуцырт лъэпкъ гупсысэр ямыгъуэжьыхыну, ар къэзыгъэщlыж бзэмрэ хабзэмрэ, нэр напlэм зэрихъумэм хуэдэу, яхъумэну. Абыкlэ Iэмалыфlуи къилъытэрт ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекlуэкlыж жылагъуэ зэхэтыкlэ дахэр - Адыгэ Хасэр.

НОБЭ зэманыр нэгъуэщlщ. Дунейпсо зэхэтыкlэм и лъапlэныгъэ нэхъыщхьэхэми къудамэбзу заубгъуащ, ауэ кlуэдакъым лъэпкъыр лъэпкъ зыщlыж и нэщэнхэм, фащэхэм я мыхьэнэр. Уеблэмэ, ахэр къэгъэщlэрэщlэжьыным нэхъ егупгъу хъуащ блэкlа лlэщlыгъуэм и 90 гъэхэм къыщыщlыным и мэIухущ Адыгэ Хасэр.

Нартхэр зэхуэсри я лъэпкъ Iуэху щытепсэлъыхьу щыта Хасэм и мыхьэнэм зимыхъуэжауэ ди зэманым къэсащ. Адыгэхэм я хабзэ дахэр щlэщlэхужми, нэхъ тэмэму жыпlэмэ, щыщlащlэхужми, нэгъэщlэ лъэпкъхэм ар хэт Парламенткlэ, хэти Думэкlэ, Меджлискlэ, Радэкlэ, Хуралкlэ, н.кь. зэрахъуэкlауэ къагъэсэбэп. Нарт эпосым ильэс мини 6-м нэблагъэ и ныбжьу щlэныгъэлIэхэм къыщылъытэкlэ, Хасэри апхуэдизу мохъу.

Абы щыхьэт тохъуэ пlэпкъ Iэрыпlуатэмрэ тхыдэмрэ. Хасэр псом ящ лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, абы ифl зыхэлъхэр пхызыгъэкl, и къэкlуэнр зыIубзыкlуэ, и лъапlэныгъэхэр щlэзыгъбыдэ зэхъыхьэт. Хасэм щlызэчэнджащэрт, щызэгурыIуэрти, лъэпкъым нэхъ къыхуэщхьэпэну унафэхэр къыщащтэрт. Ар зэхашэрт пщыхэр щыхахкlи, лъахэр бийм зэрыщахъуэмэу щыкlлэр щаубзыхукlи, гъаблэ е гъей къыщыхъукlи, фыщlэ лей адыгэм къыхуэзыхьа лIыхъужьыр щагъэлъапlэкlи, нэгъэщlэхэм дежи.

Иджырей демократием и нэщэнэ апхуэдэ зэхьихэм щызэрахъылlэ псалъэр быдэт, хабзэ къалэн игъэзащlэу. Хабзэгъэуфэ Хасэ нэхъыщхьэм XIX лlэщlыгъуэм къэсыху къэгъэблагъэу щытар цlэрэ щхьэрэ зиlэ пщыхэрт, я уэркъхэр я гъусэу. Ауэ а лlэщlыгъуэм и гъэ IкIыбым къэрджэу хуежьащ цlыхубэм я лIыкlуэхэри. И зэхэтыкlэкlэ Адыгэ Хасэр инджылыз лордхэм я зэIуцlэм хуэбгъадэ хъунут. Апхуэдэу екlуэкlащ уэрых пащтыхым и администрацэ хабзэкэр Къабэрдей щlыналъэм щагъэпсыжащ. Абы и уэкlыб хэку унафэ зыщl, хеящlэ къалэн зыгъэзащlэ зэхъыхьэу Хасэр щытыжакъым.

И тепlъэм зихъуэжами, лъэпкъым къыщхьащlыжи, абы и бзэмрэ и хабзэмрэ хъумэн къалэн иIэу Хасэр къащlэрэщlэжащ. Къыщыщlэрэщlэжари дзэкъ жыпlэмэ, - хамэщlыращ. Кавказ зауэжьым и уэкlкlэ дунейм текъуэна хъуа щэрджэсхэр зэрыгъэгъуэтыжьным, зи гур иуда лъэпкъым зыкъеГъащlэжьыным хуэунэтIауэ жылагъуэ зэгурыъэныгъэхэм лжьыгъэшхуэ зэфIагъэкlащ. Хэхэс адыгэхэм я япэ щынэхэсэу Хасэр 1899 гъэм Кавр ямышlэзрагъэпэщыгъащ, аз-Азьхэр унверситет цlэрыIуэм щеджэ, щезыгъаджэ адыгэ щlалэхэр хэту. «Шэрджэс зэгуъэныгъэ Хасэм» къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр Мысырым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэгъэ зэщlэжьыным, я бзэр, я хабзэр я кlэфlэ мыкlуэдыным. Iэдэlэпкъуныр, щlэблэр гъэсэныр, Кавказым и адыгэхэр зэрыщlэныр, нэгъэущlхэри. Абыхэм ящыщ гуэр а зэман гугъуэм лъэпкъым хуэблажьыми лIыгъэшхуэ пылът.

И зэфIакlкlэ Жэр Хасэм куэдкlэ щхьэпэрыкlыжауэ щытащ Тыркум Iэпхъуа адыгэхэм 1908 гъэм Истамбул къыщыщlэуахауэ щыта «Черкес теачи джемиети» фIыщlэ Хасэр. Абы бзэр, хабзэр, лъэпкъ тхыдэр сабийхэм щрагъэджыну пэщlэдзэ езджапlи къыщыщlэухащ. «Гъуаз» адыгэ газетыр япэу дунейм къытезыгъэсари.

Истамбул Хасэмрэ «Гъуаз»м и лэжьакlуэхэмрэ фыщlэ жыг щlахуэпсэн лэжьыгъэ зэфIагъэкlащ хэкур ябгъыну Тыркум адыгэхэр Iэпхъуэ къыщызэтеГъэувыжьащ. Хэкур щlэныгъэм хуэзышэн хуэунэтIауэ. А Хасэм и «Кlыщым» къыщlэкlащ цlыхубэ лжьакlуэшхэр, щlэныгъэлI, уэзщlакlуэ щэрыIуэхэр - Цагъуэ Нурийрэ Нэгъущl Суэдзрэ.

Каиррэ Истамбылрэ дэс щэрджэсхэм я щlалхъэм тету Адыгэ фIыщlэ Хасэхэр къыщыщlэухыгъащ Сириеми (1927 гъэм - КъунейтIрэ; 1948 гъэм - Дамаск), Иорданиеми (1932 гъэм - Аммман), Израилми (1953 гъэм - Кфар-Камэ), ди лъэпкъэгъуэр нэхъыбэу щыпсэу нэгъуэщl къэралхэми. Хэхэс адыгэхэм я Iуэху дагъэкlыж, я бынхэр лъэпкъ хабзэхэм щlапlыкlыж, бзэм, тхыдэм щыхурагъаджэу Хасэхэр нобэ щолажьэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, США-м, Голландием, Инджылызыем, Эстонием, Франдзыем, Австралием, Къэрыпlэмэратхэм. Ахэр еунэтlи зи Iуэхущlапlэр Налшык дэт Дунейпсо Адыгэ Хасэм.

ДЭ ДЫЗЭРЕПlЪМКlЭ, хэхэс адыгэхэм я Хасэхэм я щапхъэм тету, абы ягъэзащlэ къалэным хуэдэ и пщэ дэлъыу блэкlа лIэщlыгъуэм и 90 гъэхэм я пэщlэдзэм Къэбэрдей-ми Хасэр къызэрыщыпэхужар.

Япэ ильэсхэм апхуэдэущ зэрыщытари. Лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэр зэхъыхьэрэ дунейм и Iыхьэ ханэр зыIыгъ къэралыгъэушхэм къыщыхъу зэхъуэкlыныгъэхэм зэрахущыт щlыкlэр, я Iуэху еплъыкlэхэр къыщыдгъэзэщlэжащ и ирагъэкlуэкlыт. ЩlэныгъэлIхэм, тхакlуэхэм, журналистхэм, студентхэм, къызэрыгъэкl къулыкъущlэхэм утыку къаралъхэрт лъэпкъ тхыдэм, бзэм, хабзэм, щыIуэпсым пыщlауэ нэхъ зыгъэпlейтей Iуэхугъуэхэр, абыхэм я зэфIэхыкlэ хъунуми тепсэлъыхьырт. Лъэпкъым и фIыщlэ къэзылэжьа и цlыхуэхэр, хамэ хэгъэгу къыкlэ хъыщlэхэр къарагъэблагъэри, ягъэлъапlэрт, я псалъэ гуапэ зэхрагъэхырт, езыхэми едаIуэрт.

Дэ зи гугъу тщlыр Егъэджакlуэ и унэу Налшык дэтым щекlуэкlыжу щыта пшыхьэхэр. Апхуэдэу екъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, иужькlэ и хабзэри, и программэри къэзыгъэу зэгухэзыгъэ теплъэ зыгъуэтар. Къэбэрдей лъэпкъыр абы куэдкlэ щыгугъыт: ди тхыдэм и тэмэмыплIэр убзыхуэным, лъэпкъ хабзэр къыдэхыжьыным, адыгэбзэм хуэфащэ уеблIэ егъэгъуэтыжьным, зэманым къыздихьа мыхъумыщlагъэхэм (фадэм, афиным, щlэпхъаджащlэ гупхэм) (лэблэр щыхъужьмэным теухуауэ.

Апхуэдэ щlыкlэкlэ Адыгэ Хасэр къыздэIуващ. Абы и псалъэр пхузэкlыф, цlыхухэр къыгъэдалIуэф хуащ. Адыгэм и псэм щигъафlэ гуращ дахэхэм хуэгъэпса зэщlэхъеныгъэм зиубгъуурэ, ар ди жылагъуэ псоми нэсащ. Хасэм къару зэригъуэтыр зыльэгъуащ цlыху зыбгъупlэ абы щыгъуэ утыкуакlэхэ хъууэ хуежьащ. ЗэрыжаIуэ, цlэи щхьэи ямыIэу, ауэ псори агъэIуащыжьыну, «гъуэгу захуэ трагъэувыжьыну» хэт гупым, укIытэгъэ хабзэр щхьэхэлъ, зи гъащlэр лъэпкъ щlэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ щхьэзыхьхэ хуэзыщlа нэхъыжьхэр хуэм-хуэмурэ трагъэкlуэтри, бжьыпlэр зыIэрагъэхьащ.

Кlэщlу жыпlэмэ, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм ядыдекlуэкl «Зыгъасаи, хасэм кlуэ» псалъэжьыр Iэщlыбэ ящlащ. Нэгъэущlкlэ абы уеджэ хэуну дэ тщlэркъым. Хасэм и унафэщу теуваэхэм я мурадыр къэнэхуащ, абы и зэхуэсхэм ящыщ щым хабзэр (устаныр) щызэрахъэжькlыу политикlэ Iуэхум эрата нэужь. Жылагъуэ зэгухьэныгъэр щызэхаща лъэпкъ лъапlэныгъэхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, къэрал унафэр зыIэрагъэхьэныр я мурад нэхъыщхьэу зягъэуват. Гъэщlэгъэнрахъэ, кlылькъуэхуэ зэрызрагъэгъэунырти хэхьныгъэхэм хэмыту, абыхэм щыпсымыкlуэт.

Адаучь, пэкlуэрэ къежьащ, зэпэщlэуэзэныгъэмрэ зэщlыеиныгъэмрэ зауб-гъуу уеужьащ. Зымащlэт къэнэжар Шэшэныр насыпнышагъэ ин дыдэм хуэзыша гъуэгум дыгъашlэм. Ауэ лъэпкъым псынщlэу зыкъыщlэжащ, зэхигъэкlащ пэжымрэ пцlымрэ икlи, игъащlэкlи зыщдекlуэкl Iуащ. Адыгэ фIыгъэкlэ, щыхупlэм дыкъыбгъэдыщыжащ. Цlыхубэм даIыгъакъым лъэпкъ Iуэхум щхьэхуещlагъэ хэзыльхьну хуущlэкъуахэр.

Абы щыгъуэгъуэ зэрыукlыта пшынальэ бгъунпlаф уэзщlыжьи хуэфащ къалэн къыщыдгъэкlэр. Арыншауэ хэунутэкъым. А зэщlэхъеныгъэр къыщlежьа Iэхэугъуэхэр - лъэпкъ зэхэщlыкlыр къэIэтыжьныр, бзэм, щэнхабзэм зегъэужьныр, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекlуэкlэ хабзэхэр къэгъэщlэрэщlэжьныр, щlэбгъэфIыным хуэгъэзэнныр - Iэщlыгъэ къару адыгэхэр хуэныкъуэнут. Абы къыхэкlыу 2000 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм жылагъуэ зэгуъэныгъэм зимычъэу и зэхуэсышхуэ едгъэкlуэкlыж хуей хъуащ. Абы и лIыкlуэхэр хабзэм тету КъАХ-м и щlыналъэ къудамэхэм я зэгуIэкlэм IэIэткlэ щыхахат. Съездым унафэ зыбжанэ кьищlащ, и уставри Урысей Федерацэм щызекlуэ къэрал хабзэхэм езэгъ ищlащ. Нэхъ иужьыIуэкlэ а псоми Дунейпсо Адыгэ Хасэм и V Конгрессри арэзы техъуащ.

Ауэ Iуэхур абыкlэ ихъакъым. Суд хъыпlэщlэтхэм ягу техуэрэтыжьам хуэагъэр зэрызэфIэувэжащ, КъАХ-м и кьалэн нэхъыщхьэжэ ди гугъу тщlа лъэпкъ лъапlэныгъэхэм зэрытриухуэжар. Ауэ къаугъэ къаIэтыну сыт хуэдизэ Iэмал къамылъэпхъэщами, зыри ямыкlакъым. Къэзыкlыкlи пlащlэ щlыIэтэкъым. Икlэм-икlэжьм Iуэхур тэмэму зэфIэкlащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд Нэхъыщхьэм диIыгъакъым абыхэм къагъэувкэр. Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм ахэр иужькlэ щытхъуэсыхьэкат, ауэ абыи зэрыщыту къыгъэнэжащ Налшык щащlа унафэр.

Мы псор щlыжьитlэр кlыхьлIыжьыкlэ екlуэкlа суд Iуэхухэм мазибгъуэ щlигъуэкlэ хуиту дызэрримыгъэлIэжьарэщ.

ИТIАНИ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и иригъэкlуэкlэ пэжьыгъэм теухуауэ, иужьрей ильэс 19-м республикэм къыщыдэкl газетхэмрэ журналхэмрэ ящlтрадзахэм, телевиденэмрэ радиомрэ кlатахэм ятепщlыхьмэ, жылпlэфыжьым зыри дымыщlэу дыщысаущ.

Лъэпкъым къыхуэщхьэпэну сыт хуэдэ Iуэхуми жэуапlныгъэр зыхэтщlэу дыбгъэдохьэ. Къыттралъхьа пцlым дызэгуигъэпами, ар сэтей къащыным зэман тегъэкlуэдэн хуей хъуами, нэхъыщхьэращи, лъэ быдэкlэ къэдгъэувыжащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр. Дызэрылэжьа пlалъэм, 2000 гъэ пlащlдзэ, КъАХ-м Iуэхуфl хуэд зэфIигъэкlащ, кьыпэщыхьри нэхъыббэжщ. Хасэм Iуэхум щlэрыщlэу хуэзщlигъэуIуэжащ лъэпкъым и кlэкlуэным егупсыс, абы игъэпlейтей и цlыху пэрытхэр. Йхуажьхэм, кьалхэм, щlыналъэхэм (районхэм) щылажьэ гъэлIэжр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыпlэ дахэхэр ядогъэлъагъу, цlыкlуэр адыгэ унагъуэхэм щыдогъэхьэщlэ. Ди хэкуэгъуэхэм я бынхэу Налшык и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэсхэм дакlэльэпlть, я Iуэху зэтет зыдогъащlэ, ди лэжьигъэм къыхьдощ.

Фигу къэдгъэкlыжьныщи, КъАХ-м и проект щхьэхуэу ильэс зыбжанэ хъуауэ хамэ кхэралхэм щекlуэкl Iуэхугъуэхэм «Адыгэ псальэм» и журналистхэр хэтщ, газетым ятхьжьым и щlакъуэу, телевиденэмкlэ фильмхэр къыдогъэпэгъужь. Апхуэдэу Тыркум, Израилым, Германиеми ильэс зэхуэмыдэхэм кьитха нэтын гъэщlэгъуэнхэр «1 КБР» телеканалым къитыжащ, абы интернеткlи уеплъ хъунущ. Дяпэкlи апхуэдэ нэтынхэм къыпытщэну ди мурадщ.

Мы Iуэхум гуэпх хъунукъым пыщlэныгъэшхуэ яхудимIэуэрэ къекlуэкlа щlыналъэхэри. Дэ запытщlащ Краснодар краймрэ и Успен щlыналъэм хыхьэ Кургъуокъуей, Бэчмырзей, Щхьэщхьэж къуажьэхэм. А жылэхэм щопсэу беслъэнейхэр, къэбэрдейхэр, абазэхэхэр, бжьдыгъуэр. Абыхэм хасэ Iуэхукlэ Адыгейми Къэрэшай-Шэрджэсми икIыу зэи зыри яхуэзыIуатэкъым.

КъБР-м икIа лIыкlуэхэр (Нэхущ Заурбий, Сэхъуокъуэ Хьэутий, КъБКъУ-м и проректор Шьбзокъуэ Азэмэт, дэри дахэтIу гуапэу драгъэблагъащ. Хъэщlэхэм къаIущlащ Краснодар краймрэ Хабзэгъэщэ Зэхуэсым и тхьэмадэ Бекетов Владимир, район унафэщlхэр. Крайм и тхьэмадэхэм ди лъэныкъуэ зэхуэсыгъэ зэфIагъэкlащ Щхьэщхьэж, Бэчмырзей, Кургъуокъуей ауыжьажьм я псэукlэр егъэфIакlуэным хуэунэтIауэ. Ялэм Хасэ гугъу щащlу щымыта жылищым ильэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ щlыкъуб зэгугъэныгъэр.

Адыгэ мини 10 щыпсэу Осетие Ищхьэрэм и Мэздэгу, Ставропольем и Курской районхэм ильэс къэс тIэу-щlэдальэлэс. Мэздэгу къэбэрдейхэр щlыналъэтIым игуэшами, ахэр быдэу зэкъэутщ, я гуфIэгуи гуэзвэгуи зэгъэгуэгуащ. Ауэ ди щlыналъэ щlыпlэ дахэхэр зэкъэутщ, я щlыпlэ гупсысэ яIэным, я Iуэху еплъыкlэр зэхуэщlыжьыным хуэзэIатауэ Хасэм куэд елэжь.

Зи гугъу тщlыр ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ нэхъ дыдэгъэуIуэхэм ящlащ зыщl. ХаситIри гуащlафIэу ядолажьэ адэжь щlыналъэм къэзыгъэзэжа ди гъэпсыкlуэхэм. Блэкlа ильэситхум цlыху 400-м нэс Хасэм кьытхуеблэгъащ, хамэ кхэралхэм къикIыжауэ. Ахэр ягъэпlейтей зыIуэу я гугъуехьхэм, я бынхэм бзэр егъэджьыным, Iэщlагъэ щызрагъэгъуэт еджапlэхэм щlэгъэтIысхьэным, паспорт къахуэдэхьным, унагъуэ хъуахэм нэчыхь яхуегъэтхьным, нэгъэущlэхэм. Зы щlыху абы-хэм ящыщу щlэдгъэкlыжажьым, гуапэкlэ имыгъэтуэ. Абыхэми дадоIэпыкъуф, властхэм дадолажьэ, дапыщlауэ дыщытщи, дызэгуроIуэри.

ДУНЕйПСО Адыгэ Хасэм и лIыкlуэхэм драгъуэсу дыщlащ ди лъэпкъгъуэхэр нэхъыбэу зэрыс къэралхэм - Тыркум, Сирием, Иорданиеми, Израилыми, Германиеми, абыхэм щыпсэу адыгэхэм я псэукlэр зэдгъэлъэгъащ. Ди хэкуэгъуэхэм я щэнхабзэ гъэлъэгъуэныгъэхэм жыджэру дыхэтащ. Малшык, Черкесск яхьщlыдзкlэ тхылъхэр, газетхэр, журналхэр хэкэсхэм яIэрыдогъэхьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм абыхэм папщlэ иIэхъэзэныгъэ нэтынхэр къызыдогъэпэщ, «Нарт-ТВ» дунейпсо каналым (Иордание) идогъэхь.

Сирием, Иорданием, Тыркум, Израилым я Адыгэ Хасэхэм я унафэщlхэм даэзэрыгурыIуэм тету, иужьрей ильэсхэм а Адыгэ Хасэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я сабийуэ 400-м щlигъу КъБР-м щылажьэ гъэмахуэ лагерхэм зыщедгъэгъэпсэхуащ. Къэзыкlыпlэ Гъунэгъум, Мэздэгу къикIа ныбжьыщlэхэм ядолажьэ адыгэбзэм, хабзэм, лъэпкъ тхыдэм хуезыгъадж Iэщlагъэлъэгъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыпlэ дахэхэр ядогъэлъагъу, цlыкlуэр адыгэ унагъуэхэм щыдогъэхьэщlэ. Ди хэкуэгъуэхэм я бынхэу Налшык и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щlэсхэм дакlэльэплть, я Iуэху зэтет зыдогъащlэ, ди лэжьигъэм къыхьдощ.

Фигу къэдгъэкlыжьныщи, КъАХ-м и проект щхьэхуэу ильэс зыбжанэ хъуауэ хамэ кхэралхэм щекlуэкl Iуэхугъуэхэм «Адыгэ псальэм» и журналистхэр хэтщ, газетым ятхьжьым и щlакъуэу, телевиденэмкlэ фильмхэр къыдогъэпэгъужь. Апхуэдэу Тыркум, Израилым, Германиеми ильэс зэхуэмыдэхэм кьитха нэтын гъэщlэгъуэнхэр «1 КБР» телеканалым къитыжащ, абы интернеткlи уеплъ хъунущ. Дяпэкlи апхуэдэ нэтынхэм къыпытщэну ди мурадщ.

Мы Iуэхум гуэпх хъунукъым пыщlэныгъэшхуэ яхудимIэуэрэ къекlуэкlа щlыналъэхэри. Дэ запытщlащ Краснодар краймрэ и Успен щlыналъэм хыхьэ Кургъуокъуей, Бэчмырзей, Щхьэщхьэж къуажьэхэм. А жылэхэм щопсэу беслъэнейхэр, къэбэрдейхэр, абазэхэхэр, бжьдыгъуэр. Абыхэм хасэ Iуэхукlэ Адыгейми Къэрэшай-Шэрджэсми икIыу зэи зыри яхуэзыIуатэкъым.

КъБР-м икIа лIыкlуэхэр (Нэхущ Заурбий, Сэхъуокъуэ Хьэутий, КъБКъУ-м и проректор Шьбзокъуэ Азэмэт, дэри дахэтIу гуапэу драгъэблагъащ. Хъэщlэхэм къаIущlащ Краснодар краймрэ и Хабзэгъэщэ Зэхуэсым и тхьэмадэ Бекетов Владимир, район унафэщlхэр. Крайм и тхьэмадэхэм ди лъэныкъуэ зэхуэсыгъэ зэфIагъэкlащ Щхьэщхьэж, Бэчмырзей, Кургъуокъуей ауыжьажьм я псэукlэр егъэфIакlуэным хуэунэтIауэ. Ялэм Хасэ гугъу щащlу щымыта жылищым ильэс зыбжанэ хъуауэ щолажьэ щlыкъуб зэгугъэныгъэр.

Адыгэ мини 10 щыпсэу Осетие Ищхьэрэм и Мэздэгу, Ставропольем и Курской районхэм ильэс къэс тIэу-щlэдальэлэс. Мэздэгу къэбэрдейхэр щlыналъэтIым игуэшами, ахэр быдэу зэкъэутщ, я гуфIэгуи гуэзвэгуи зэгъэгуэгуащ. Ауэ ди щlыналъэ щlыпlэ дахэхэр зэкъэутщ, я щlыпlэ гупсысэ яIэным, я Iуэху еплъыкlэр зэхуэщlыжьыным хуэзэIатауэ Хасэм куэд елэжь.

Зи гугъу тщlыр ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ нэхъ дыдэгъэуIуэхэм ящlащ зыщl. ХаситIри гуащlафIэу ядолажьэ адэжь щlыналъэм къэзыгъэзэжа ди гъэпсыкlуэхэм. Блэкlа ильэситхум цlыху 400-м нэс Хасэм кьытхуеблэгъащ, хамэ кхэралхэм къикIыжауэ. Ахэр ягъэпlейтей зыIуэу я гугъуехьхэм, я бынхэм бзэр егъэджьыным, Iэщlагъэ щызрагъэгъуэт еджапlэхэм щlэгъэтIысхьэным, паспорт къахуэдэхьным, унагъуэ хъуахэм нэчыхь яхуегъэтхьным, нэгъэущlэхэм. Зы щlыху абы-хэм ящыщу щlэдгъэкlыжажьым, гуапэкlэ имыгъэтуэ. Абыхэми дадоIэпыкъуф, властхэм дадолажьэ, дапыщlауэ дыщытщи, дызэгуроIуэри.

Апхуэдэущ Нартсанэ щlыпlэ Адыгэ Хасэм и лэжьигъэми щыгъуазэ зытщlащ. Кисловодск дыщыкlуэм здэтшат «Нал цlыкlу» сабий къэфакlуэ гупымрэ «Пщэдджыжь багуэ» урысейпсо зэпеуэм щытекlуа уэрэджьыкlуэ Апэнэс Астемыррэ.

«Фэтэр зырызым щlэгуэша хъуа» адыгэжэ зэрыгъэщlыхужьныщ, зэрыгъэубыдыжьныщ зытеухуауэ щытар Адыгэ Республикэм хьжьэ Блашэ-Псынэ, Кушъхьэблэ къуажьэхэм дызэрыщlар. Абы и пэ къихуэу «Адыгэ псальэм» и лэжьакlуэхэмрэ Адыгейм щыщ журналист БрантЫ Къазбэчэрэ къэбэрдей жылагъуитIым ятеухуа щlэныгъэ-тхыгъэхэр ящlэтхьэщlыр, Блашэ-Псынэ, Кушъхьэблэ къуажьэхэм ди зэрыщlар. Абы и пэ къихуэу «Адыгэ псальэм» и лэжьакlуэхэмрэ Адыгейм щыщ журналист БрантЫ Къазбэчэрэ къэбэрдей жылагъуитIым ятеухуа щlэныгъэ-тхыгъэхэр ящlэтхьэщlыр, Блашэ-Псынэрэ Кушъхьэблэрэ ягъэхьэзырри, Блашэ-Псынэрэ Кушъхьэблэрэ ягъэгъуэ дэсым ди газет къыдэкlыгъуэ зырыз сауГъэту хуашэкащ. Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ Хэхьутэ Александр Блашэ-Псынэ дэт курыт еджапlэм сом мин 50 иритащ, школым и къэфакlуэхэм адыгэ фащэ ящхуражэну.

Къыхэзгъэщlапхъэщ Ставрополь дэт Адыгэ щэнхабзэ Хасэми дазэрыдэIэпыкъур. Крайм и щlыхьэрым щыпсэу, щеджэ ди лъэпкъэгъуэр къызыщlэзыгъэIуэ жылагъуэ зэгуъэныгъэр 2018 гъэм ДАХ-м къыхьжащ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм лъэпкъ лъапlэныгъэу яIэр абы Ставрополь къалэм екIуу щагъэлъагъуэ, дэри мызэ-мытIэу а Iуэху дахэхэм дыхэтащ. Иджыблагъэ ДАХ-м и президентымрэ Кавказ Изэхэсым щылажьэ къудамэхэм я тхьэмадэхэмрэ Шапсыгъ Хасэм и зэхуэсыщхьэм дыщыIащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iуэхур сыт щыгъуи пыщlащ щlыналъэ, къэрал, жылагъуэ, политикlэ къулыкъущlапIэхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ икIи республикэ унафэщlхэм ядолажьэ, хабзэм кьызэригъэуIуэным тету. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щlэпхъэзэныбжьэгъуэгъэ гъэбдыжьэр, зэпхъэзэныгъэ щlэпхъаджагъэхэмрэ къэмыгъэхьэным хэлIыфIыхьныр, жылагъуэр зэгурыгъэIуэныр.

Апхуэдэуи лъэпкъым ехьэлIа мазэуэхэр къызэрегъэпэщ, щэнхабзэм, бзэм, хабзэм, литературэм, политикэ, экономикэ гъащlэм хуэгъэпса зэIущlэхэр зэхешэ. КъАХ-м и нэIэ триГуэзу дыгъэ ди щlыналъэ, лъэпкъ гурыгъуэ гурыщlэхэм теухуа газетхэр къыдегъэкl, тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм, политикэм хуэдэ гъэсэныгъэ щlэныгъэ зэрыгъэгъэхьэ адыгэ щэджащэхэм. Жылагъуэ зэгуъэныгъэм и лэжьыгъэм, лъэпкъ гурыгъуэ гурыщlэхэм те

● Зэпыщlэныгъэхэр

Мэкъумэш университетым и студентхэм Тыркур къапоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и сату-технологие факультетым и студентхэр иджыблагъэ Іущlащ Тыркум щыкlэ Кавказ къалэм и лlыкlуэу Налшык щыlэ Аппоев Аслъэн.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ факультетым и деканЛІуп Тимур, «Сату Іэхур зэкlэлъыгъэкlуэныр, туризмэмрэ правэмрэ» кафедрэм и профессор Бесльэней Эдуард, Эрдоган Р. Т. и цlэр зезыхьэ университетым (Тыркум и Ризе къалэм дэтщ) и магистратурэм щlэс, КъБКъМУ-м и экономикэ факультетыр къэзыуха Конаковэ Зульфия, абы и адэ, Шlэджэм Ищхъэрэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Конаков Ильяс сымэ.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ ди мэкъумэш университетым и студентхэм я щlэныгъэм Тыркум и еджапlэ нэхъыщхьэм щыхагъэхъуэным теухуаеу щыlэ Іэмалхэм. Эрдоган Реджен Тайип и цlэр зезыхьэ университетымрэ КІуэкlуэ В. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ нэхъ пасэу зэращlынlа зэгурыlуэныгъэм дутеду 25-м Іэмал къарет я бюджетым къыхэкl мылъкукlэ я деж щеджэну.

А университетым щlэтlысхьэн щхьэкlэ студентым пщlэ щlиту тыркубзэм щы илъэскlэ а къэралым щыхуеджэн хуейщ. Ар къиуха нэужь, диплом къратыж икlи Тыркум Іэнатlэ щыуныну Іэмал иlэ мэхъу, уеблэмэ зэдзэкlакlуэу лэжьэнуи хуитщ.

Университетым щlэтlысхьэну хуейм адэкlэ тест экзаменыр итынущ, къэпщытэныгъэр балли 100-м тещlыхьауэ щытщ. Тыркубзэмкlэ балл 60 нэхъ р мынэхъ мащlэ къихьмэ, цlыхур хуитщ сыт хуэдэ Іэщlагъэмэ бюджетым къыхэкl мылъкукlэ хуеджэну магистратурэм щlэтlысхьэну. Еджэныр къиухмэ, дуней псом къащlащlыныр диплом къратынущ.

Илъэсым къриубыдэу тыркубзэр зыджа икlи абыкlэ итыжа экзаменымкlэ балл 98-рэ къэзыхьа Зульфия студентхэм адзгуэшащ Тыркум щилъэгъуэхэмкlэ, студентхэм я упщlэхэмэ жэуап иритащ.

Ныбжьыщlэхэм защыхуигъэзэм, Конаков Ильяс жиlащ хамэ къэрал ущеджэным икъукlэ жэуаплъныгъэшхэу зэрыпlалъыр, сыту къэпщытмэ иджапlэ нэхъыщхьэм и мызакъуэу, республикэми, къэралми я лыкlуэ хуэдэу мэхъу дэтхэнэ зы ныбжьыщlэри.

Аппоев Аслъэн къыхихигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт школхэр къыщыдзыухэми а еджапlэ нэхъыщхьэм щlэтlысхьэну Іэмал зэраlэр. Республикэм и курыт школхэм щlэныгъэфl щыхэзыгъэгъэтэхэр, КъБКъМУ-р ядэlэпыкlуурэ, Эрдоган и цlэр зезыхьэ университетым щlэтlысхьэфынущ.

КІУРАШЫН Заремэ,
КІуэкlуэ В. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и пресс-Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

УсакІуэшхуэхэм я щlыхькlэ

● Зэпеуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекlуэкlащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмкlэ усэ къеджэныкlэ «Сыщалъхуа щlынальэм и макъ» зэпеуэр. Ар къызэрагъэпэщащ Дагыстэным и лlыкlыбэ усакlуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь Гамзатов Расул къызэралъхурэ нэгъабэ илъэс 95-рэ зэрырикъуам. Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтlылъа, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, усакlуэ цlэрыlуэ Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ етlанэгъэ илъэси 120-рэ зэрырикъунум я щlыхькlэ.

ИЛЪЭС етlуанэ хъуэуэ ирагъэкlуэкl зэпеуэ щхьэпэгъэ и жэрдэмщ Псыхуабэ щыізэхэта «Мэшыкъуэ» щlалэгъуалэ зэхуэсышхуэм щытекlуэ. **Жылау Антемыр**. Щlалэгъуалэ Іуэхуэхэмкlэ федеральнэ агентствэм къыхуигъэфащэ грантымкlэ ар къызэригъэпэщащ, КъБКъУ-м и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз Іуэхущlапlэмрэ Литературэ клубымрэ и дзэпыкъуэгъуу. Нэгъабэ ящу къыхалъхьа мы зэпеуэр абы щыгъуэм трауухуаеу щытащ КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэм, Лениным и цlэр зезыхьэ саугъэтым я лауреат Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум.

Зэхьэзэхуэр къыхэзыльхьахэм я мурадыр щlалэгъуалэм лъэпкъ усыгъэмрэ литературэмрэ яджныным гулъытэ хэзыльэ егъэгъэтынырщ, Гамзатов Расулрэ Щоджэнцыкlу Алийрэ я гъащlэмрэ гуащlэмрэ, щэнхабзэм, литературэм хуащlа хэлъхьэныгъэм нэхъ куууэ хагъэгъуэзэныщ, абыхэм я фэеплъыр, щlэинхэр щlэблэм егъэхъумэнырщ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхуущlыкlэхэр егъэфlэкlуэнырщ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуэм яку зэрыльытэ ильу къэгъэхъуэнырщ, художественнэ къеджэныгъэр хэлъщlыу щlынырщ, абы щlэпlыкlынырщ, нэхъри дегъэхьэхьнырщ, цlыхуэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэгъуэгу егъэсэнырщ.

Хабзэ хъуэуэ къызэрагъэпэщ пшыхь дахэм зэхуишэсащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlынальэм и ефжапlэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр. Іыхьитlу зэщхьащхьа мыгъэрей зэпеуэр унэтlынырыгъитlу екlуэкlащ. Студентхэр дагыстэн усакlуэ Гамзатов Расул и усэхэм - урысыбзэкlэ, адыгэ усакlуэ Щоджэнцыкlу Алий и Іэдакъэ къыщlэкlахэм - адыгабзэкlэ къеджащ. Зэпеуэм зи зэфlэкl щеплъыхьахэм я утыку итыкlэр, зыныгъыкlэр, усэ къеджэным щаlэ зэфlэкlымрэ Іэзагъымрэ къалъытащ.

Къэпщытакlуэ гупым хэтащ филологие щlэныгъэхэм я докторэхэу, литературэджэсу **Хьэкlуащэ Мадинэрэ Кучуковэ Зухърарэ**, киномрэ театрымрэ я режиссёр **Емкlуж Андзор**, зэпеуэр къызэрагъэпэщахэм ящыщ **Битокъу Владимир** сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыриубыдэр къэпщытакlуэхэм зэхалъхьэжащ илъэс пашэ щыхъуэхэм щlыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

● Хъуэхъу

Налшык къалэ щыпсэу Балъкъэрхэ Хьэутийрэ Светланэрэ зэрыздэпсэуэрэ мэкъуауэгъуэм и 12-м илъэс бжыгъэ дахэ ирокъури, дохъуэхъу Пщlэ щыхуэтщlа, фlыуэ тлъагъу ди благъэфlхэ!

Зэгурыlуэрэ зэдэlуэжьрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекlуэ, зи мафlэр мыужьых унагъуэ дахэм фрихъыжмакlуэщи, фызиилъыр жьэгур уардэ унэу, фи Іэнэгум берычэтыр щытепщэу, хьащlэ етlысхьапlэрэ унапlэ махуэу, фызэкъуэту, гъащlэм гу щыфхуэрэ абы и Іэфlагъ псори зыхэфщlэу, фи лъапlэныгъэ нэхъыщхьэ фи быным - къуэмрэ пхъымрэ - я насыпым, ехьулlэныгъэхэм фригушхуэу гъащlэм гу щыфхуэну дыныбохьуэхъу. Псэр зыщlэхьуэпс, насыпу къэфlыьтэ псомкlи Тхъэр къыфхуэупсэну ди гуапэщ.

Дзыгъулхэ Мухьамэдрэ Ланэрэ, Джыджийхэ я унагъуэр.

● Налшык

Сабийхэр зыщыгуфlыкlа тыгъэ

Къат куэду зэтет унэхэм я пщlантlэр гъэдэхэным теухуа проектыр купщlафlэу щагъэлажьэ Налшык и «Искож» хьэблэм.

БЖЭІУПЭХЭР зыхуэй хуэгъэзэным елэжь Іащlагъэлlхэм кьалэдзэ Іэпщlэльапщlэкр ядэlэпыкъуу куэдрэ урохьэлlэ. Апхуэдэу, Кадыровым и цlэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм я сабий джэгулlэхэм ящыщ зым иджыблагъэ кьихутащ сабийхэр хуабжьу зыщыгуфlыкlа хъыринэ дахэхэр. Ар езым ищlри я хьолlэ сабийхэм тыгъэ яхуищlащ инженер-конструктоу лэжьа Габараев Виктор. Абы кьыдэlэпыкъуащ и къуэш нэхъыщlэ Александр. Виктор къызэрыгъэщlамкlэ, мы мазэм хъыринэр яхуищlащ, бадзэуэгъуэм цlыкlуэр къызэжьхьи Іащlыхьэр хъыринэ кьекlэрэхъуэкlрэ яхуи гъэувынущ. Іащlагъэлlэм сабийхэри ныбжьыщlэхэри Іэпыдзlэпыдз хуохъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хуэмурэ зэхаублэж

● Футбол

Нэщl мазэ лъапlэр иуха иужькlэ, мэкъуауэгъуэм и 5-м Хьэтlохъущыкъуей къуажэмрэ Налшык къалэмрэ щыІа зэІущlэхэмкlэ зэхаублэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гъэмахуэ чемпионатыр.

ХЬИД махуэхэм командэ псоми хэтыныжэ зэхуашэсыфакlыжьым икlи мэкъуауэгъуэм и 5-мрэ 6-мрэ щыlар ебланэ джэгугъуэм хыхьэ зэІущlищащ. Адрейхэр ягъэІэпхъуэн хуэй хъуащ. Кьыдэщlхэр ягъэгуфlащ я губгъуэхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэу «Хьэтlохъущыкъуеймрэ» «Акъбащымрэ». Абыхэм хагъэщlэфащ Маллкэрэ Нартанрэ икlахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм топ плlырыплl зым адрейм щыхудигъэкlри, мамыру щызэбгъэдэкlыжащ «Налшыкымрэ» «Псыкуэдымрэ».

Республикэм и чемпионатым щыджэгу командэхэр щызэуІужар щэбэт кlуамрэ тхъэмахуэмрэщ. «Керт»-мрэ «Кьундетеймрэ» кьищынэмыщlауэ, адрейхэм я зэІущlэхэр кьрахьэлlащ. Зэрымыджэгуам и зэнэкlэ кьэхъундэсхэм зэхьэзэхуэм бжьыпlэр щауТыпщащ, ауэ яфlэкlуэда очко бжьыгъэхэмкlэ зэрыпашэу кьонэж.

«Керт»-м зэрызигъэпсэхуар кьигъэсэбэпащ «Автозапчасть»-м. Бахъсэндэсхэм бжьыгъэшхуэкlэ я стадионым щыхьагъащlащ. Бжьтlохъущыкъуей кьуажэм кьикlахэр икlи бжьыпэр зыІэрагъэхьэжащ.

Етlуанэ увыпlэм нэс дэкlуэтеящ мы гъэм япэу зэхьэзэхуэм кьыхьыхьа Прохладнэ и «Энергетик»-р. (Малкэ) - **2:0**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **4:4**, «Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «**Нартан**» (Нартан) - **3:2**; еянэ джэгугъуэ - «**Псыкуэд**» - **«Акъбащ»** - **0:3**, «**Малка**» - **«Налшык»** - **4:4**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:3**, «**Энергетик**» яІыгъщ. Абы щыгъуэмкlи нартандэсхэм тхъэмахуэ кlуам я зэІущlитlри играгъэхащ икlи, зы очкои ямыІэу, «гупкlэм» пысщ.

«Автозапчасть»-м щыщ Къуэжей Азэмэт гуащlахьуэхэм я зэпеуэм зэрыщlапlэшэщ. Абы гупышхуэ кьыкlэІолъэІо.

Адэкlэ щыгъуаэз фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу зэІущlэхэм къарикlуа бжьыгъэхэм: ебланэ джэгугъуэ - **«Хьэтlохъущыкъуей»** (Хьэтlохъущыкъуей) – **«Малка»** (Малкэ) - **2:0**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **4:4**, «Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «**Нартан**» (Нартан) - **3:2**; еянэ джэгугъуэ - «**Псыкуэд**» - **«Акъбащ»** - **0:3**, «**Малка**» - **«Налшык»** - **4:4**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:3**, **«Нартан»** - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **2:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Хьэтlохъущыкъуей»** - **6:1**.

Кьыкlэлъыкlуэ зэІущlэхэр пщlэдей, Урысейм и махуэм, зэхэтынущ. Абыхэм щыізэхуэзэнущ «Акъбащ» - «Малка», «Керт» - «Нартан», «Родник» - «Кьундетей», «Спартак-Д» - «Энергетик», «Тэрч» - «ЛогоВАЗ», «Хьэтlохъущыкъуей» - «Ислъэмей», «Налшык» - «Автозапчасть», «Нарт» - «Псыкуэд» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	7	6	1	0	39-5	19
2. «Энергетик»	7	6	1	0	23-9	19
3. «Керт»	6	6	0	0	23-5	18
4. «Тэрч»	7	5	1	1	23-9	16
5. «Хьэтlохъущыкъуей»	8	4	1	3	16-18	13
6. «Малка»	8	3	2	3	19-17	11
7. «Спартак-Д»	7	3	2	2	11-10	11
8. «Акъбащ»	8	3	1	4	9-17	10
9. «Налшык»	6	2	3	1	15-15	9
10. «Нарт»	7	2	2	3	12-15	8
11. «ЛогоВАЗ»	7	2	0	5	14-18	6
12. «Псыкуэд»	8	1	3	4	11-36	6
13. «Ислъэмей»	6	1	2	3	11-13	5
14. «Кьундетей»	5	1	0	4	10-20	3
15. «Родник»	7	0	1	6	6-25	1
16. «Нартан»	6	0	0	6	8-22	0

● Пакратион

Пашэхэр ди куэдщ

Новгород Ищхъэрэ къалэм щекlуэкlащ панкратионымкlэ Урысейм и чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щlынальэ куэдым къикlа спортсмен 250-м щlигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэми фlы дыдэу зыкъагъэлъэгъуащ.

ЧЕМПИОН хъуащ Щоджэн Артур (кг 57-рэ), Балъкъыз Ахьмэд (кг 66-рэ), Лачковэ Ксение (кг 58-рэ) сымэ. Жэз медалыр кьикlащ Теувэжькlуэ Рустам (кг 62-рэ).

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Псысэ

Мыщэ анэ Машкэрэ абы и шыр цlыкlу Мишкэрэ нэlуасэ къызэрысхуэхъуар

ГъуэлъэпIэм сильт. Щхьэгъубжэмкlэ сыдэлъмэз, сольагъу си пщылъм пэмыжьыжьу зы мыщэ бэлацэжь, гъужьыбсфэ-пшыжьыфэ хъужьауэ кьуэвауэ. Пашым сыкъыщlокlри lущlыхьым сыкъытlоувэ, мыщэм сыкlэлъоплъ, и мурадыр хъэсщlэн си гугъэу. Абы зигъэхьейркъым, и пlэм ижьхьауэ, и нитlыр кьыстриубыдауэ кьызоплъ. Мыщэм мэжащlалlэу, и шхын зэримыгъэуштэм кьриухужьауэ кьыщыцьхъуащ. Тхьэм уэзрелъэIуну, мыщэм и щхьэщыгум хуэзанщlэу жьигым зы бгъэжь кьытетlысхьащ. Пашым сыкъыщlыжьжщ, фочэ зэгуэтыр сыздэрт, Іущlыхьым сыкъытехьэжащ. Бгъэжьым езгъапщэри зэ уэгъуэм кьезудыхащ, мыщэм и пащхьэм жьхьуэу. Бэлацэжьыр зыхуеихэр арати, гужьвеяуэ, трахьжьыжьу хуэдэ мыщэм кlэбгъу зыщищlар.

Зымахуэ гуэрым кlийуэ, зиlлэжу зы къуэпlащэ си деж кlъожэ. Си фочэ зэгуэт картечыжькlэ сеуэри кlъуэпlащэр кьэзэуклащ. Кьызэрыщlэкlажькlэ, мыщэм щхрихужьауэ кьихуу арат: псэущхьэ абрагъуэм и кьэси, кьхъэпlащэ лlэуэ щылтым и зытедзи зы ищlащ. Абдежьым кьхъэпlащэр зыІурильэфэжу ишхри, макlуэ-мэлъей, бзэхьжащ. Мис апхуэдэуэрэ мэзри сохъумэ, мыщэм и фlыгъэкlэ щэкlуэнри кьэзгъанэркъым.

Гъэмахуэри макlуэ, бжьыхьэри кьэс. Мэз пхъэщхьэмыщхьэжэр хуащи, мэзакlуэхэр куэдщ, еджакlуэ цlыкlуи, балигъи, зи ныбжьыр хэкlуэтахэри кьокlуэ. Сэ абыхэм сакlэлъоплъ, жьигхэм зэран зэрахуэзмыгъэхъуэным яужь ситщ. Садоуэршэр, сытрагъэу. Сэри абыхэм задэсщlу пхъэщхьэмыщхьэ зэхуэохьэс, машинэм изокlутэри, унэм сошэ. Сщlэркъым сыкъэзымыщlыхуэхэм сакъызэрыщlыхьар, ауэ мэзыр кьзэгъанэу нэгъуэщlи лэжьапlэ сыкlуэфынукъым, апхуэдизкlэ сесащ, сыдихьэащ, сыщытыншри. Пэжыр жьысlэнщи, лэжьащlэр куэд хъуркъым, ауэ сызыхуэй-сызыхуэныкъуэхэмкlэ зырызогъэкъуф. Унэ хадэм нэмыщl, мэз лъапэм щы кьыщыдатауэ, кlэрпlоф, кьэбыстэ, пхъы, жэгундэ хуэдэ хадэхэкlэхэм щыхьдосэ. Си бынхэри сщlыгуу хадэр зыхуей худогъаззу, псынэ и гъунэгъу щы, щыуэгъум псы щыідогъэлъадэ. Нэгъабэ бжьыгъэхэм адрей хадэхэкlэхэм нэмыщl кlэрпlофу кьэпщ щэ ныкъуэ кьетхьэлlэжащ. Аракъэ насып жьыуаІэр?! Уэзгуэгур къоугуэрыж, жалэ игъащlэми. Тшхыну дрикъунрэ жылапхъэрэ кьэдгъэнэри, адрей хадэхэкlэхэм нэмыщl кlэрпlофу кьэнар щэ ныкъуэ кьетхьэлlэжащ. «Уэ хьэрычэт щlэ, сэ берычэт хэслъхьэнщ», - жиlащ Алыхьым.

Зы махуэ гуэрым, хабзэ зэрысхуэхьуауэ, пщэдджьжьым жьыуэ мэзым сыкlуэмэ, си пщылъм деж щыст мыщэ шыр цlыкlу. Ар кьэзубыдри, «Мишкэ», - жьысlэу сепсалъэурэ пхъэ дэкlуеилlэм дэсхьеящ, унэм щlэсхьащ. Гъэмылlэ схьам щыщ естати, гъэблэгу ищlам хуэдэу ишхащ. Зыпl дэкlаеу сабэр дрипхъейуэ кьэсащ а сэ сцlыку мыщэ гъуэжьыфэ-плъыжьыфэр. «Си шыр уи деж щыlэр кьызэтlыж», - жьыуиІэу, гъуэхьуэу бжьыпlэм кьэуващ. Насып сиlэти, унагъуэзэ щlэмыкуу литритl сиlэт, птулькlэ зырызым итуи, зым кlапсэ пысщlэри Машкэ хуезгъэлэлэхащ. Мыдэкlэ сэ сщlа чы матэм Мишкэ изгъэтlысхьащ, бжьэф зыпlть шэ птулькlэр естщ, кlапсэ кьыхькlэ щlым нэзгъэри Машкэ Іэрызгъэхьэжащ. Мыщэ анэм зы гуфlэкlэ иІэти, пхужьыІэнтэкъым, а сыхьэтым дунейм кьытехьами ярейт. Кьысхудэплъейри, и нэхэмкlэ фlыщlэ кьыхсуиущlащ, фlаІэ лъапкъуитlымкlэ кьэуври тlэкlу щытащ. Іуькlыжьхэз иужькlэ кьызэзкlэлъэкlыуэ хуежьащ си ныбжьыщlэхэр.

Махуэ зытlущ дэкlаещ Машкэрэ Мишкэрэ сымышхуэ ящlу. Къэхъуарри кьэщlари сымышlэу сыгуэзавэрт. Абыхэм яхуэзгъэзэхъэзырат шхын гуэркэр, бэзэрым сыкlуэри кьупщхьэпlалъхэ кьахуэсщэхуат. Арщхьэкlэ а махуэми тlури кьыкъуэкlакъым. Етlуанэ махуэм гуряуэ, щэlуэ, щlакъуэу кьыскуэкlащ мыщэ анэр. Шэ щlэмыхь птулькlэр кьасщтэри сыщlэкlащ, абы ефэху седэхащlуэрэ и лъакъуэ ижьыр кьэсlэтмэ, банэщхуэ зэпlыщ. Зэрызмыгъэузыным сыхущlэкъуурэ кьыхэсхащ банэр, мыщэм зыри зэрыжимыІам тепщlыхьмэ, кьызэрищlэшхуэ щыІэтэкъым. Кьыкlэлъыкlуэ мэзым кьэкlуащ тlури, кьыкъуэкlуэ сиlэри езгъэщlри, щэ щlэмыхьри трезгъэфыхьыжащ. Лъакъуитlкlэ кьэувауэ, щхьэщэ кьысхуэщlыным ещхьу тlэкlупэ щытащ ахэр. Итlанэ Машкэ кьызбгъэдыхьэри кьызэпэгъащ, нэгъуэщlу сиlэри езгъэшхьри, щэ щlэмыхьри трезгъэфыхьыжащ. Лъакъуитlкlэ кьэувауэ, щхьэщэ кьысхуэщlыным ещхьу тlэкlупэ щытащ ахэр. Итlанэ Машкэ кьызбгъэдыхьэри кьызэпэгъащ, нэгъуэщlу сиlэри езгъэшхьри, щэ щlэмыхьри трезгъэфыхьыжащ. Мис апхуэдэ зыкlэрыуэ щlыкlэжlкlэ нэlуасэ схуэхъуащ Машкэрэ Мишкэрэ, адрей зэхьэкlэхъуэкlэхэр кьыдэхъуапсэу дыдэхуэзэу, дыдэзэджэгуу щlидзащ.

Дыгъэр пэзаэзу уафэгум итщ, цlыхуэхэр нэжэгужэщ, удз гъэгъа зэмылlэужьыгъуэхэм я мэ гуакlуэр жьым зэрехьэ, кьуалэбзухэм зэрэдгъащlащ. Жылапхъэрэ Мишкэрэ сэрэ гъуэрэгъуапщкlуэ доджэгу Машкэ кьэткlэпlыплъу. Мис апхуэдэу дыгтхъэжу дыщопсэу хуей мэзышхуэм. Фи фlщщ мыхьумэ, фыкъакlуэ!

ПЩЫБИЙ Сулътlан,
тхакlуэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Мызэ-мытlэу суд тращlыхьат

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыlэм и плъыр частым 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м зыхуигъэзащ щlыпlэм щыпсэу, илъэс 37-рэ хъу щыхуэхъум. Щхьэусыгуэрэ, Лениным и проспектым тет унэхэм ящlыщ зым и пщlантlэм щигъэува и «Ауди» автомашинэм и абджыр жэщым якъутэу сом мин 30, шофёр тхылъэр банк картэхэмрэ зыдэлъ и барсеткэр зэрырадагъэкlыат.

Управленэм и лэжьакlуэхэм щэч зыхуащlыр яубыдащ. Ар нэхъапэм мызэ-мытlэу суд зытращlыхьа, илъэс 46-рэ зи ныбжь наллыкдэсырщ. Цlыхуэхъум илэжьамкlэ зиумысижащ.

Уголовнэ Іуэху кlаІэтынущ.

Налшык щаубыдащ

КъБР-м щыlэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкlэ и управленэм и лэжьакlуэхэм мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м яубыдащ гъунэгъу къэралхэм ящыщ зым къикlа, илъэс 28-рэ зи ныбжь цlыхубзыр.

Ар къалъхьуэрт езым и республикэм дэфтэр нэпцlэхэр щигъэхьэзырауэ щэч хуащlу.

Къэзылъхьуэхэм зыхьбар ирагъэщlащ.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинэщ.

● Атлетикэ хьэлтэ

Къэралым и чемпионатым макlуэ

Хасавьюрт къалэм щекlуэкlащ атлетикэ хьэлъэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlынальэм и чемпионат. Абы дыжьын медаль къыщихьащ Сэбаншы Мартин.

ПСОРИ зэхэту двоеборьем абы къыщlІэтащ кг 360-рэ. А ехьулlэныгъэм и фlыгъэкlэ Сэбаншыр ирагъэблагъащ мыгувэу Новосибирск щызэхэтыну Урысей Федерацэм и чемпионатым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКlЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэй** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щlхьэщмыщlи Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжьрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-40-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щlыуэпсыр хъуэнымкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкlыр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хэнтыныгъэр хъуэмэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlынальэ Іуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокlI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня**, *редактору* **ЖЬэкlэмыхъу Маринэ**, *корректорзу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №501